

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ajén moral dina karya sastra nya éta mangrupa ajén bebeneran ngeunaan alus-goréngna nu rék ditepikeun pangarang ka nu maca ngaliwatan karya sastrana boh novel, sajak, boh carpon. Ajén moral téh ngawengku pituduh ngeunaan sikep jeung paripolah nu aya hubunganana antara manusa jeung Pangéran (Allah SWT), hubungan manusa jeung manusa, hubungan manusa jeung lingkunganana, sarta ngeunaan tanggung jawab manusa ka dirina.

Téma nu kapanggih dina kumpulan sajak *Sasambat* karya Yayat Hendayana téh aya sababaraha téma, di antarana téma sosial, téma cinta, téma korupsi, falsafah hirup, jeung réligi. Téma sosial dina buku kumpulan sajak *Sasambat*, nya éta ngeunaan pasualan kahirupan, di antarana korupsi, kamiskinan, kaadilan jeung ngeunaan sumanget, kasabaran, kaiklasan, sopan santun, téma cinta ngeunaan kasatiaan.

Amanat anu kapanggih dina kumpulan sajak *Sasambat* téh aya sababaraha rupa, di antarana hirup kudu loba pangalaman, ulah jadi jalma musrik, kudu sumanget gawé, kudu iklas, kudu tobat ka Pangéran, kudu boga sopan santun salaku jalma, ngajauhan pelacuran, kudu sabar, tong luhur teuing harepan, hirup kudu mandiri, ulah parebut teuing kakawasaan, kudu kuat iman ka Pangéran,

ngajuhan korupsi, ulah putus asa, tong égois, ngajauhan mabok, soméah ka jalma nu kenal, tong megatkeun silaturahmi, jeung kudu jadi pamingpin nu bener.

Tina kumpulan sajak *Sasambat* anu dijadikeun populasi, kapanggih rupa-rupa ajén moral, di antarana: ajén moral dumasar kana témana, nya éta pangalaman aya hiji (2,1%), musrik aya hiji (2,1%), sumanget aya opat (8,6%), ikhlas aya opat (8,6%), kawani aya hiji (2,1%), tobat aya genep (13,04%), sopan santun aya tilu (6,5%), pelacuran aya tilu (6,5%), sabar aya hiji (2,1%), harepan aya hiji (2,1%), kamandirian aya hiji (2,1%), kakawasaan aya lima (10,8%), kaimanan aya hiji (2,1%), kamiskinan aya dua (4,3%), kasusah aya dua (4,3%), korupsi aya tilu (6,5%), égois aya hiji (2,1%), mabok aya hiji (2,1%), cinta aya dua (4,3%), jangji aya hiji (2,1%), jeung karusakan alam aya hiji (2,1%).

Ajén moral dumasar ka amanatna, nya éta tong musrik aya hiji (2,1%), sumanget aya opat (8,6%), kudu ikhlas aya opat (8,6%), kudu tobat ka Pangéran aya genep (13,04%), sopan santun ka sasama aya tilu (6,5%), pelacuran "sex bebas" aya tilu (6,5%), kudu sabar aya hiji (2,1%), kudu mandiri aya hiji (2,1%), kuat iman ka Allah aya hiji (2,1%), ngajauhan korupsi aya tilu (6,5%), tong égois aya hiji (2,1%), tong mabok aya hiji (2,1%), tong jalir jangji aya hiji (2,1%), jeung tong ngaruksak alam aya hiji (2,1%).

Ajén moral dumasar kana nada, nya éta, ngajak tong musyrik aya dua (4,3%), ngajak sumanget aya tujuh (15,2%), ngajak tong leutik haté aya hiji (2,1%), ngajak tobat aya opat (8,6%), ngajak tong rurusuhan aya hiji (2,1%), ngajak sopan santun aya dua (4,3%), ngajak ngajuhan pelacuran aya tilu (6,5%), ngajak kasabaran aya opat (8,6%), ngajak tong luhur teuing harepan aya hiji

(2,1%), ngajak ngaji diri aya hiji (2,1%), ngajak iklas aya dua (4,3%), ngajak ngajauhan paséa aya dua (4,3%), ngajak taqwa aya lima (10,8%), ngajak numpes kamiskinan aya dua (4,3%), ngajak ngajauhan korupsi aya dua (4,3%), ngajak ngajauhan bunuh diri aya hiji (2,1%), ngajak ulah mabok aya hiji (2,1%), ngajak nalikeun silaturahmi aya dua (4,3%), ngajak tong takabur aya hiji (2,1%), ngajak tong jalir jangji aya hiji (2,1%), ngajak silaturahmi aya hiji (2,1%), ngajak tong ngaruksak alam aya hiji (2,1%), ngajak perluna kasatiaan hiji (2,1%), ngajak ngaluhungkeun budi aya hiji (2,1%).

Ajén moral dumasar kana rasa, nya éta perluna loba pangalaman aya hiji (2,1%), perluna kasabaran aya lima (10,8%), ngarasa tong leutik haté aya dua (4,3%), pentingna kaiklasan aya tilu (6,5%), tong rurusuhan aya hiji (2,1%), perluna sopan santun aya dua (4,3%), perluna ngaleungitkeun pelacuran aya 3tilu (6,5%), tong luhur teuing harepan aya hiji (2,1%), perluna ngaji diri aya hiji (2,1%), pentingna katakwaan aya tujuh (15,2%), pentingna karukunan aya lima (10,8%), pentingna kasumangetan aya tilu (6,5%), pentingna tobat aya hiji (2,1%), perluna numpes kamiskinan aya dua (4,3%), pentingna numpes korupsi aya dua (4,3%), pentingna kaadilan aya hiji (2,1%), perluna silaturahmi aya dua (4,3%), ngarasa pentingna jangji aya hiji (2,1%), perluna miara alam aya hiji (2,1%).

## 5.2 Saran

Sanggeus nalungtik ajén moral dumasar kana téma, amanat, nada jeung rasa dina kumpulan sajak *sasambat* karya Yayasan Hendayana, aya sababaraha hal anu perlu ditepikeun minangka saran.

- 1) Kumpulan sajak *Sasambat*, ditilik dina eusina loba pisan ajén moralna. Nu maca sajak bisa nyokot hikmah tina unggal sajak nu aya, pikeun pieunteungeun dina milampah kahirupan sapopoé.
- 2) Amanat nu ditepikeun ku pangarang loba pisan, hususna amanat ngeunaan moral. Hususna pikeun nu maca boh mahasiswa boh lain, bisa nyurahan kana éta amanat, pikeun bahan pieunteungeun dina milampah hirup. Ulah nepi ka nyokot kana jalan anu salah;
- 3) Dina ieu panalungtikan masih kénéh loba kakurangan. Ku kituna bakal leuwih hadé, lamun aya panalungtik séjenna nu nalungtik ajén moral, anu leuwih ti ieu panalungtikan.
- 4) Dipiharep ieu panalungtikan bisa ngarojong kana prosés ngaapprésiasi karya sastra di sakola, hususna ngeunaan ajén moral nu aya dina sajak atawa karya sastra séjenna.

